

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Tatar Sunda mangrupa hiji wewengkon di Indonesia nu euyeub ku rupa-rupa kabudayaan. Kabudayaan nya éta sakumna kabiasaan manusa dina kahirupan sapopoé jeung alam sabudeureunana nu dicangkem ngaliwatan prosés diajar. Koentjaraningrat (2009, kc. 144) nétélakeun yén kabudayaan téh nya éta *keseluruhan sistem gagasan, tindakan dan hasil karya manusia dalam kehidupan masyarakat yang dijadikan milik diri manusia dengan belajar*. Dumasar kana éta pamadegan, katitén yén sagala rupa pamikiran-pamikiran, laku lampah jeung hasil karya manusa dina kahirupan di lingkungan masarakat kaasup kana kabudayaan.

Kabudayaan anu aya di tatar Sunda téh geus mekar ti baheula, boh dina widang lisan boh dina tulisan. Salah sahiji kabudayaan Sunda dina widang tulisan nya éta naskah atawa *manuskript/handskript*. Wujud kabudayaan dina wangun naskah, mangrupa objék anu bisa dijadikeun tatapakan pikeun meunangkeun ajén kahirupan. Eusina mangrupa eunteung tina kahirupan manusa jaman baheula nu euyeub ku pangalaman, pangaweruh jeung ajaran.

Naskah téh nya éta tulisan leungeun anu eusina mangrupa téks hasil budaya mangsa bihari. Saluyu jeung pamadegan Baried dina Pudjiastuti (2006, kc. 160) nu nétélakeun yén naskah kuno nya éta sakabéh bahan tulisan leungeun nu dijerona nyangkaruk rupaning ébrehéhan pikiran jeung ébréhan rasa nu mangrupa budaya bangsa mangsa harita.

Aya sababaraha aksara anu dipaké dina naskah-naskah nu geus kapanggih di Tatar Sunda, diantarana aksara Sunda Kuna, Buda/Gunung, Jawa (cacarakan), Pégon, jeung Latén. Nurutkeun Ruhaliah (2012, kc. 1), naskah nu maké aksara Pégon téh panglobana kapanggih. Naskah-naskah éta téh eusina bisa rupa-rupa saperti karya sastra, sajarah, kaagamaan, jeung kabudayaan Sunda séjéna nu aya dina mangsa harita.

Naskah-naskah Sunda buhun téh kaasup loba, boh nu geus jadi invéntaris Perpustakaan Nasional atawa museum boh nu masih aya di masarakat. Naskah-naskah nu masih sumebar di masarakat atawa milik pribadi aya anu hésé pikeun

ditalungtik tur dianalisis eusina ku sabab sok dianggap barang pusaka ku nu bogana, jadi teu meunang dibuka atawa dibaca sagawayah. Malah biasana sok dipusti-pusti tur diayakeun ritual-ritual husus dina poé-poé nu husus pikeun muka naskah.

Téks atawa muatan naskah salah sahijina mangrupa wawacan. Nurutkeun Koswara (2011, kc. 82), wawacan téh nya éta carita panjang anu dianggit maké patokan pupuh. Sedengkeun Rosidi dina Ruhaliah (2011, kc. 9) nétélakeun yén wawacan mangrupa salah sahiji wangun karya sastra Sunda dina wangun dangding, dipiboga ku masarakat Sunda sanggeus ayana pangaruh ti Mataram.

Naskah *Wawacan Suluk Panji* mangrupa salah sahiji koléksi pribadi milik Aep Saepuloh (48 taun), masarakat Dusun Péréng Désa Talun Kecamatan Ibum Kabupatén Bandung. Nurutkeun kateranganana, ieu naskah téh mangrupa warisan titinggal ti karuhunna, nu ahirna nepi ka anjeunna. Aksara anu dipaké dina ieu naskah téh nya éta aksara Pégon. Teu sakabéh jalma bisa maca aksara Pégon dina mangsa ayeuna, ku kituna, sangkan eusi éta naskah leuwih gampang dibaca jeung dipikaharti, kudu ditransliterasi heula kana aksara séjén. Aksara nu babari dipikaharti nya éta aksara Latén, jadi naskah *Wawacan Suluk Panji* téh perlu ditransliterasi kana aksara Latén sangkan leuwih gampang dianalisis.

Naskah *Wawacan Suluk Panji* téh diwangun ku rupaning pupuh tur ngandung carita ngeunaan saré'at, hakékat, tarékat jeung ma'ripat anu patali jeung ajaran Nabi. Ku kituna ieu naskah téh euyeub ku ajén-ajén kaagamaan anu nyangkaruk di jerona.

Hasil tina ieu panalungtikan téh dipiharep bisa dijadikeun jalan pikeun nambahan kabeungharan kosa kecap dina widang basa. Pikeun widang sastra, bisa leuwih mikawanoh jeung leuwih neuleuman kana karya sastra buhun.

Panalungtikan ngeunaan naskah geus réa dilaksanakeun ku para mahasiswa. Panalungtikan nu kungsi diayakeun saméméhna, di antarana “Struktur jeung Ajén Agama Wawacan Bin Étam” ku Nenden Adilah (2006), “Analisis Struktur Carita jeung Ajén Budaya Wawacan Régen Boncél Bupati Caringin pikeun Bahan Pangajaran di SMP” ku Nenda Nurwendah (2009), “Wawacan Budiman: Analisis Struktural Semiotik pikeun Bahan Ajar Maca Carita Buhun di SMA” ku M. Riza Khairillah (2012), “Ajén Agama dina Wawacan Hikayat Hasan Shoig Bashri

pikeun Bahan Ajar Maca di SMA Kelas XII” ku Rindi Vaivti Melandi (2013), “Transliterasi jeung Ajén Kaagamaan dina Naskah Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka” ku Yulia Darmilah (2013), sarta “Transliterasi jeung Analisis Struktural Naskah Wawacan Gandamanah” ku Euis Ratna Suminar (2014).

Niténan panalungtikan anu geus aya, loba nu nalungtik ngeunaan naskah buhun, tapi can aya anu nalungtik naskah *Wawacan Suluk Panji*. Ieu naskah téh eusina ngeunaan ajaran islam nu euyeub ku ajén-ajén kaagamaan. Dikasangukungan ku alesan nu dipedar saméméhna, ieu panalungtikan nu judulna “Transliterasi jeung Ajén Kaagamaan dina Naskah *Wawacan Suluk Panji*” penting dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus diébréhkeun di luhur, sangkan anu jadi masalah dina ieu panalungtikan teu lega teuing ambahana, aya sawatara rumusan masalah nu disusun dina wangun patalékan saperti ieu di handap:

- 1) Kumaha déskripsi wangun jeung eusi naskah *Wawacan Suluk Panji*?
- 2) Kumaha hasil transliterasi naskah *Wawacan Suluk Panji*?
- 3) Ajén kaagaman naon waé anu nyampak dina naskah *Wawacan Suluk Panji*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal kagiatan panalungtikan tangtu mibanda tujuan. Ku kituna patali jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan téh mibanda tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kasang tukang sarta rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan umum pikeun mekarkeun kabudayaan Sunda ku cara ngamumulé karya sastra buhun titinggal karuhun, sangkan kanyahoan jeung bisa diaprésiasi ku masarakat jaman kiwari. Panalungtikan ieu ogé miboga tujuan pikeun ngahudang kasadaran masarakat sarta kalangan akademis ngeunaan kabudayaan Sunda, utamana kana naskah Sunda buhun anu kiwari ajén-ajénna tetep luyu jeung kahirupan.

1.3.2 Tujuan Husus

Sangkan leuwih jéntré tina tujuan umum di luhur, satuluyna dipidangkeun tujuan husus panalungtikan nu mangrupa jawaban tina rumusan masalah. Tujuan hususna nya éta:

- 1) ngadéskripsikeun naskah *Wawacan Suluk Panji*;
- 2) nyusun hasil transliterasi naskah *Wawacan Suluk Panji*; sarta
- 3) ngadéskripsikeun ajén kaagamaan anu nyampak dina naskah *Wawacan Suluk Panji*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré mangpaat, boh mangpaat tioritis boh mangpaat praktis, mangpaat pikeun lembaga sarta pikeun masarakat.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, mangpaat ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngajaga éksistensi warisan karuhun nu aya dina naskah-naskah klasik. Ku ayana filologi, naskah-naskah nu geus rék musnah téh bisa kapaliré. Lian ti éta, hasil ieu panalungtikan bisa digunakeun dina widang paélman séjénna.

1.4.2 Mangpaat pikeun Lembaga

Ngariksa basa jeung budaya daérah aya dina undang-undang sarta perda. Ieu panalungtikan dipiharep bisa leuwih ngahudang kasadaran masarakat sangkan leuwih méré panitén sarta ngajaga kabeungharan basa jeung budaya daérah hususna kabudayaan dina widang tinulis saperti naskah buhun.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan di antarana:

- 1) pikeun widang basa, bisa nambahan kabeungharan kosa kecap;
- 2) pikeun widang sastra, bisa leuwih mikawanoh jeung neuleuman kana karya sastra buhun;
- 3) pikeun widang atikan, hasil transliterasi naskah *Wawacan Suluk Panji* ieu bisa dijadikeun bahan pangajaran maca wawacan.

1.4.4 Mangpaat pikeun Masarakat

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan naskah buhun sacara ringkes, sarta jadi motivasi pikeun saha waé nu hayang leuwih apal kana ajén kaagamaan anu nyampak dina naskah *Wawacan Suluk Panji*.

1.5 Sistematika Tulisan

Sistematika tulisan miboga pungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkah dina panalungtikan. Ieu skripsi disusun jadi lima bab, saperti anu dipedar ieu di handap.

BAB I mangrupa bubuka nu eusina nya éta: kasang tukang nulis ieu skripsi, rumusan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan, sarta sistematika tulisan.

BAB II ulikan pustaka nu eusina mangrupa dasar tiori ngeunaan transliterasi, wawacan, ajén kaagamaan, panalungtikan saméméhna, jeung kalungguhan tioritis panalungtik.

BAB III mangrupa métode panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, sumber data dina ieu panalungtikan, tahapan ngumpulkeun data nu ngawengku instrumen jeung téhnik ngumpulkeun data, sarta analisis data.

BAB IV mangrupa hasil panalungtikan anu eusina ngabahas analisis data anu dipatalikeun jeung tiori-tiori dina bab II.

BAB V mangrupa bagian pamungkas tina skripsi. Eusina nyindekeun hasil panalungtikan sarta méré saran atawa rékomendasi pikeun panalungtikan saterusna.